

ICIGWA CA 29

IMIZIMU

Idini y'imyizerere y'imizimu iratey'imbere mur'iki, gihe c'ubu. Rero, birakwiye ko tugira icigwa ca vyo. Birakwiye ko tuyimenya dukurikije inyigisho n'ibikorwa vyayo uko tubibona mu Vyanditswe Vyera.

1. Impamvu zatumy'ikwira hose.

Abantu batari bake biyita abanyabwenge mu Vyaremwe mur'iki gihe cacu c'iterambere baramaze kwemera ndetse baneje-rejwe n'imyigishirize y'ivy'impwemu z'abadayimoni n'ivyo, zikora kandi muvy'ukuri wosanga kw'ar'imigenzo ya kera ya gipagani.

Guter'imbere kwavyo ntawe bikwiye guturumbukira. Ubwa mbere biterwa n'uko bavuga ngw'idini ya gikristo, yigisha; nabi kenshi, ikora mu nkova ngo kubw'ivyo ntishoboye kunyura umutima w'umuntu.

Na none biterwa n'uko umuntu mu bisanzwe akunda gukwega no kuba kamenyi k'ivy'atazi, cane cane agashaka kugirana na bo yabuze atabanka umushikirano bigatuma, yemera izo nyigisho zivuga ko zishobora gushitsa ivyo vyifuzo yamana. Intambara z'isi yose, kubwo gutandukana gukomeye, abasigaye zashizemwo imyigishirize y'ivy'imizimu, biriyongeranya cane abavyeyi, abapfakazi, batari bazi uko bagenza, bashatse uburyo bwo kuvugana n'abana babo, kandi n'abagabo babo, buze batanse.

2. Imizimu mur'iki gihe.

Imyimenyerezo y'ivy'imizimu yo mur'iki gihe yatanguriye, muri Etazuni, mu mwaka wa 1848.

Mu rugo rw'umuryango wa FOX i Hydesville, mu ntara ya New York, hadutse urwamo rwinshi mw ijoro. Babanje kwibwira kw'ar'urwamo rw'imbeba, hanyuma bakeka kw'ivyo bintu bikwiye gukuriza itegeko.

Kw'igenekerezo rya mbere Ntwarante 1848 umuryango wa FOX war'umaze kuryama, abavyeyi n'abakobwa babiri Maragarita (imyaka 15) na Gatarina (12) maryamye mu cumba ah' uro - rwamo rukomeye kandi rudata 1710 rwongera kwumvikana.

Ibikoresho vyo mu nzu biva aho vyari biri, ibindi birame-nagurika, ata mpamu yibonekeza. Niho Marigarita yibwira ko ivyoba vyiza ar'uko yokomera amashi urwo rwamo ngo rumwishure. Ivyo vyarabaye. Ikiganiro gitangura girtyo. Mu buryo bw'ubumenyi bwitwa "kuvugana n'imizimu." Hadutse ubutumwa bwnshi, bumwe mur'ubwo bwavuye ku muzimu wa Charles-B-Rosa yari yariciwe mur'iyo nzu mu myaka yashize, agahambwa munsi yayo, bakaba barigeze kuhabona amagufa koko.

Ariko i Rochester, aho Marigarita na Gatarina bagiye kwi-bera kwa mukuru wabo yari yarabiriweho; niho kuvugana n'imizimu vyabereye ivy'igihe cose, maz'inyigisho y'ivyo mur'iki gihe ivuk'iryo kandi iba gikwira.

3. Imyizerere ya kera.

Uramutse witegereeje neza imyizerere y'ivy'abazimu mu buryo bwayo, wosanga imyizerere y'abazimu y'ubu ar' ubumenyi - gusa bw'inyigisho n'ibikorwa vy'ubuzimu bwa kera ngo bihuze n'iki gihe tugezemwo.

Imizi y'ivy'ubuzimu iboneka, n' imyigishirize yinyegeje yigishwa kenshi mu Buhindi, Egiputa, Babuloni, Ubugiriki n'i Roma.

Herodote we, avuga ivy'ubupfumu, ariko Ivyanditswe Vyera vyo vyahereye mu bihe vya kera (antiquité) kuko binwe mu bitabo vya Bibiliya, vyanditswe mu myaka 1.500 mbere ya Kristo Bivuga ivy'ubupfumu, ubukonikoni, no kuraguza, kw'ar' ibantu vyamye ho kuva kera hose.

4. Ubusobanuro bw'ijambo "KURAGUZA"

Mu vy'ukuri kuraguza n'iki? Ubuzimu n'imyizerere n'imikorere: imyizerere yemera ukubaho kw'imizimu y'abapfuye ikiyubura ngw'ibone kuvugana n'abazima kandi ikagira n'ibimenyetso ikora ngo bayemere.

Kuvugana n'abapfuye, bikurikiza ibantu runaka bafashijwe n'uburyo butari bumwe. Iyo biçez'aho, vyoba vyiza kuraba u-ko umuntu ateye. Mu vy'ukuri abizera ivy'imizimu, bemeza k' umuntu agizwe n'ibantu bitatu: Umubiri uboneka, kamere yawo idapfa, kandi hagataho hakaba ikindi kintu citwa Périsprit n'igipfukisho kidafatika gifatanya umutima n'umubiri, canke s'umubiri uzengurutse umubiri w'umuntu. Denis Léon, yemeza kw'ico gipfukisho gipfutse umutima, kikauherekeza iy'umuntu apfuye, kikazinanata buhoro buhoro kikazotuma wa mutima uzohinduka umubiri ukanganana kand'ukazihindura ishusho. I-co gipfukisho cifatanya n'impwemu n'umubiri, kigizwe n'iki-ntu gihindagurika.

Umutima n'ico gipfukisho ntibivana, kandi muri co nih' imitima y'abapfuye yiyekekana n'abantu.

5. Ibantu bashikisha.

Uko kwiyerekana kw'imizimu, gushobora kubaho, guhagari-kiwe n'ibantu rimwe na rimwe utosobanukirwa.

Ushobora gutandukanya ivyo bimenyetso ubonesh'amaso (nk'imeza ihindukira, umunt'aduga mu kirere ata wu muduganye, - ibantu bikayangana, isumako, umuyagankuba, kwimuka kw' ibantu, urwamo, induru n'ibindi. Ibimenyetso vy'ibiboneka, u-kuraba, kutanyiganyiga, kubon'ibantu, canke ntihagir'ivy'ubona, n'ibindi bimenyetso vy'ubwenge, kuvugurura, guc'ubwenge, imburi zitari zimwe ibishegu, imvugo n'inyandiko zitari zabantu (machine) n'ibindi.

Ivyo muvyiyumvira mute kandi wobisobanura ute?

6. Ubumenyi.

Ico dukwiye kumenya n'uko mur'ijo myiyerekano y'imizimu, harimwo ubuhendanyi bwinshi. Bamwe bavuga ko harimwo ubuhendanyi kuva 90-95 kw'ijana.

Camille Flammarion abivug'arty'ati: Noshobora kuvuga ko mu myaka mirongwine, hafi y'abaza gushikisha bose kandi b'ibirangirire, babanza guca ku cumba canje c'iganiriro, kandi hafi ya bose nababonyemwo ubuhendanyi.

7. Ibimenyetso bisanzwe.

Uretse ubwo buhendanyi, hariho n'ibindi bimenyetso vyinshi bitangaza, vy'ivyaduka, ubumenyi ari bwo (sciences) - ntibushobora kubisobanura neza, kandi bukavyemera kw' ar'i-ibisanzwe, kw'amategeko abitegeka atemeza mu buryo bushitse ivyavyo. Naho bidashoboka vyose, ivyo bintu gusobanuka nta

kintu bifise c'akarusho.

Mu bigo vy'abategeka imizimu, bashobora kuza baratuma ibimenyetso vyo kuvugana, no kubura, n'ubukerebutsi kumenya, ubwenge, kwitegura utagize ico wishimiye, kwimuka kw'ibantu n'ibindi bibaho.

8. Ivy'indengakamere.

Nañari bike, hasigaye ibimenyetso vy'indengakamere, har'abahanga bavyemeza nka Maxwell, Myers, Flaournoy n'abandi

Ariko ivyo bimenyetso, abizer'imizimu bavyegeka ku mizimu y'abapfuye. Birakomeye gutandukanya imizimu ivuga iy'ari yo.

Abavugana n'imizimu n'abo ubwabo babizi bartyo. Murundi ruhande; n'ubuhendanyi ni bwo bukora: har'imizimu ibesha - ishaka kubesha no guhendana. Gabriel Delanne yit'izo ngorane z'ubushitsi ati: "Kuza kw'abapfuye ngo baje kugenderera abazima, n'imiburiburi ntibikabe kenshi, nta buhangaburi-mwo buvyemeza.

9. Abapfuye ntaco bamenya.

Imyigishirize yo guterekera no gushikisha, ntishingiye - ku kuri: Nta kintu co kwemeza kw'abapfuye bashobora kuvugana n'abazima.

Mbega bavuga bate kw'ata co baña bakimanya, baba bar' i-kuzimu ahantu hagacerere? Nta co bumva kandi bamenya. Ivyannditswe Vyera niko bivuga, kandi s'ugukekeranya ni ko biri.

Reka turabe amagambo amwe ya Bibiliya ukw'avuga kuvy' abapfuye: "Abapfuye ntibahimbaz'Uhoraho, canke abamanuka baha ahantu h'agacerere." (Zaburi 115:17).

"Erega abariho baba bazi ko bazcpfa; arikw'abapfuye ntaco bakizi, kandi nta mpera baba bakibona; kuko kwibukwa kwabo kuba kwaramaze kwibagirana... Kandi ntibaba bagifite, umugabane ku kintu na kimwe co mur'iyi si... Ikintu cose ukuboko kwawe kwerekeje gukora ugikorane inkomezi zawe; kukw atagikorwa cank'inama cank'ukumenya canke ubwenge ik'zimu - ah'urariye kuja. (Umusiguzi 9:5,6,10).

10. Mpwemu mbi na nziza.

Ibimenyetso vy'abashitsi vyo mu rwego rw'indengakamere - ntibikorwa n'abapfuye, ariko bigomba kuba biterwa n'iyindi, mpamvu y'ubwenge bwo hejuru buturengeye. Allan Kardac, Léon

Dénis bafise ukuri iyo bavuga ko har' iyindi mizimu, itar'iy'abapfuye. Hab'igihe kimwe bemeranya n' Ivyanditswe Vyera vyigisha ko har'uburyo bubiri bw'impwemu : abamarayika beza mu ruhande rumwe, n'abamarayika babi ku rundi ruhande; aribo baguye bakitwa abadayimoni.

Abamarayika beza n'impwemu zikorer'Imana. Ituma gufasha abazorarwa agakiza. (Abaheburayo 1:14). Abamarayika babi - n'impwemu mbi (Abaheburayo 6:12). Ziri munsi y'ubutegetsi, bwa Satani yatumye bagwa bakirukananwa na we aho yacibwa mw ijuru (Ivyahishuwe 12:7-9). Igikorwa cabo n'uguhenda a-bantu uko bashoboye kwose, no kwihindura mpwemu z'abantu, bapfuye twakundana.

Kubera kw'abapfuye badashobora kutugenderera, kandi tu-dashobora kwegeka ivyo binyoma ku bamarayika beza, imyigi shirize yorushaho kwemerwa yobi iyi: abamarayika babi ni bo ntandaro y'ibimenyetso vy'ubushitsi bwo mu rwego rw' indengakamere, ari vyo bimenyetso bitobonerwa impamvu ibitera. Ariko ntawokwhuta kuvuga, kwibimenyetso bisa n' aho bitumvikanye neza vyoba ar'ivya Satani, ariko har' ige-utarinda gukekeranya.

11. Imiterekero n'ugushikisha ntivyemera na Bibiliya.

Ibisigaye n'uko har'izindi mpamvu zibiri, zitugaragari-za kw'inyigisho zisobanura inkomoko y'ubushitsi, ari mu buhendanyi bw'indengakamere. Ica mbere n'ugushikisha ari bwo buryo bwo kuvugana n'abapfuye kandi burwanya Ivyanditswe Vyera. Ica kabiri, n'ukw'Ivyanditswe bibuzanya gutabaza abapfuye.

Dukwiye kumenya ko ubushitsi buhakana inyigisho zisobanura uk'umuntu yaguye n'iz'inkomoko y'icaha, n'iz'uko Yesu ababarira icaha, bukagira umuntu Imana yuzuye. Muri make, burwanya ijambo ryahishuwe, bukarisimbuza inyigisho z'ubushitsi n'iz'imiterekero.

Imana yarihanikiriye ivyo gukoresha ubumago, n'umupfumu canke ibisaba k'umuntu muzima yoja guterek'abapfuye, n'ubundi burozi bwose iti:

"Ntimuze muhindukirire abahamagara abazimu cank' abame-nyi; nti muze muje kubabaza babahava babahumanya. (Abalewi 19:31).

"Umuntu yirukira abahamagara abazimu n'abamenyi, akaja

kuraguza, akabahurumbira nk'ikimaka; nzohoza igitsure canje kuri we, ndamurandure mu bwoko bwabo. Umugabo canke umugore bahamagara imizimu ntibaze babure kwicwa." (Abalewi 20:26,27).

"Muri mwebwe ntihaze haboneke umuntu atanga umwana wiwe w'umuhungu canke w'umukobwa, ngo yoswe mu muriro canke ngo haboneke uragura canke utera amabara cank'umupfumu cank' umurozi cank'umwambuzi, cank'uja guhamagara imizimu, cank' umumenyi, cank'uraguza imizimu. Kuk'ukor'ivyo wese aba abyey umuyobe k'Uhoraho; (Gusubira mu Vyagezwe 18:10,11,12).

12. Ikimenyetso c'ibihe.

Ivy'impwemu zizimiza n'ikimenyetso cerekana ibihe vy'iherezo.

Kristo yaravuze ivy'ukwaduka kw'ivyo bintu bimeze birtyo (Matayo 24:23,24) na Paulo avug'ati: (1 Tomoteyo 4:1).

Ariko Mpwemu abivuga avyeruy'ati: Mu bihe bizoza, bamwe, bazota ivyizerwa vyabo, bakurikiye mpwemu ziyovya n'inyigisho z'abadayimoni."

Hanyuma Yohana yahanuye ivy'abashitsi n'abaterekera imizimu bazokora mu bihe biheruka. Avuga ivy'impwemu mbi n'impwemu z'abadayimoni zizokora ibimenyetso zija ku bami bo kw'isi yose, ngo zibakoranirize mu ntambara yo ku musi uhambaye w'Imana ishobora vyose." (Ivyahishuwe 16:13,14).

Ubu buhanuzi ni bwo buriko burasohora mu maso yacu. War'uzi ko mu ntambara ya mbere n'iya kabiri abakuru b'ibihu-gu benshi bagiye gushikisha ku bashitsi?

Mu nyigisho y'ivy'impwemu z'abadayimoni harimwo ikimenyetso ca mpwemu mbi, ari we azaba inkwezi mu gihe giheruka Umukristo ntakwiye kwita ngwa afatwe n'imitego y'iyo mpwemu ziyovya, ahubwo akwiye kwishingikiriza ku vyavuzwe n' Ivyannditswe Vyera.

XXXXXXXXXXXXXXXXXXXX

IBIBAZO VY-ICIGWA CA 29

1. Kuber'iki tuvugako imizimu y'abantu bapfuye itabaho ?

- A. Kuko abapfuye ataco bamenya
- B. Kuko satani atabubasha afise
- C. Kuko imizimu yari kera gusa

2. Imizimu n'iki ?

- A. N'abamarayika baguye bitwa abadayimoni
- B. N'ibisigarira vy-abanyavyaha
- C. N'umutimanama w-abantu babi

3. Kubera iki tutotabaza abapfuye


- A. Kuko ataco bimaze
- B. Kuko imana ibibuza
- C. Kuko dufise ubwenge

4. Impwemu zizimiza zizogwira yari ?

- A. Mu misi y-iherezo
- B. Mu misi abantu bazopfa ari benshi
- C. Ku musi w-izuka

**IJWI RY'UBUHANUZI
ISHURI RYA BIBILIYA MW IPOSTA
B.P. 1710 Bujumbura
Burundi.**





Izina

Ah'uba
